



ENSKRIPSYON

Nou ankouraje fanmi yo pou enskri pitit yo bonè pou evite reta nan pwosesis la. **PREMYE** jou lekòl nan “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) se 31 out 2020 atravè “My School Online (MSO)” (Lekòl Mwen sou Entènèt). Pou plis enfòmasyon, vizite <http://attendanceservices.dadeschools.net/>.



SEMÈN BYENVENI

Gen yon eksperyans a distans san parèy ki pral fèt 24-28 out 2020. Nou ankouraje fanmi yo pou gade videyo ki deja anrejistre sou sijè nou chwazi tankou Koneksyon a Distans, Sante Mantal ak Sante Fizik, Sipòte Siksè Elèv ak Pitit ou sou Kanpous la. Pou plis detay, vizite <http://miamiweekofwelcome.com/>.



ENFÒMASYON SOU KONTAK

M-DCPS gen abilite pou kominike ak paran avèk presizyon e efikasite atravè mesaj odyo, tèks, ak imèl. Li enpòtan pou lekòl pitit ou a gen enfòmasyon sou kontak ou ki pi resan. Paran yo ka mete ajou detay sou kontak yo nan kontakte direktè lekòl pitit yo. Yo ka chwazi tou pou yo resevwa mesaj tèks ijan nan voye yon mesaj tèks “Y” nan 67587 sou aparèy mobil yo.



APLIKASYON MOBIL DADE SCHOOLS

Aplikasyon Mobil Dadeschools la se yon kote paran ka jwenn tout enfòmasyon yo bezwen. Yo ka jwenn aksè sou enfòmasyon enpòtan tankou orè lekòl, nò lekòl, nouèl ki soti nan Distri a, ak anpil lòt toujou. Telechaje aplikasyon gratis sa a sou aparèy mobil oubyen Android ou.



VAKSEN

Nou ankouraje paran yo pou tcheke dosye vaksen pitit yo pou wè si dat yo rive pou nenpòt vaksen obligatwa pou antre lekòl. Nou mande pou tout elèv M-DCPS pran vaksen lekòl obligatwa dapre laj yo pou ane lekòl 2020-2021 an, ki gen ladan elèv ki ap patisipe antyèman nan MSO.



AKSÈ SOU ENTÈNÈT

An preparasyon pou premye jou lekòl atravè MSO, nou mande pou tout elèv vizite www.dadeschools.net pou yo antre sou Pòtal Elèv la nan itilize Idantifikasyon Elèv ak Modpas yo sou aparèy pèsònèl yo oubyen yon aparèy Distri a ba yo pou nou ka konfime yo jwenn aksè. Si elèv yo pa ka antre nan kont yo, yo dwe kontakte lekòl yo pou asistans.



FOUNITI KLASIK

Elèv yo ap bezwen founiti klasik regilye tankou papye ak kreyon pou yo ekri, pran nòt, rezoud pwoblèm matematik ansanm ak nenpòt lòt materyèl pwofesè yo ka endike ki nesèsè pou klas la. Yo ap bezwen tou yon òdinatè ki gen kamera, yon mikwo ak aksè entènèt. Paran yo dwe tcheke sit entènèt lekòl pitit yo oubyen kontakte lekòl la pou lis materyèl yo.



INIFÒM

Pandan Etap I ak II sou MSO, nou ankouraje inifòm. Nan Modèl Bilding Lekòl la pandan Etap II a nou ap ranfòse règ inifòm nan e mete mask ap obligatwa.



MANJE

Nou ankouraje paran pou yo aplike pou repa midi gratis ak nan pri redui nan www.nutrition.dadeschools.net. Manje ap disponib nan Etap I ak Etap II. Nou ap pibliye andwa distribisyon ak lè espesifik pou vin pran manje osito enfòmasyon sa yo disponib. Dejene gratis pou tout elèv.



PATISIPASYON FANMI

Chèche konnen pwofesè pitit ou nan kòmansman ane lekòl la. Mande yon reyinyon sou entènèt avèk yo pou w pataje enfòmasyon enpòtan sou pitit e mande li kòman ou ka sipòte pi byen aprantisaj pitit ou lakay. Konsidere patisipe nan yon òganizasyon paran tankou “Parent Teacher Association (PTA)” (Asosyasyon Paran Pwofesè) oubyen fè volontè nan lekòl pitit ou. Pale ak direktè lekòl pitit ou a pou enfòmasyon PTA oubyen ou ka imèl info@mddcpta.net. Pou konnen kòman pou w vin yon volontè lekòl, vizite <https://www.engagemiamidade.net/volunteers>.



LIY ENFÒMASYON

Biwo Operasyon Ijans Distri a: 305-995-3000
Aprantisaj a Distans: 305-995-HELP (4357)
Edikasyon Adilt/ak Karyè Teknik: 305-558-8000

Sèvis Sante Mantal pou elèv/paran: 305-995-7100
‘Project UP-START’ pou elèv ki ap fè eksperyans lojman enstab: 305-995-7558

